


FÈT DÈ MÈ

 . . . tabènak, se priyè mwen. M vrèman kontan maten an, pou m wè pwogrè espiritiyèl tabènak sa a, e jan, pano reklam la laba, yo sou pwen bati yon nouvo legliz kounye a. M panse sa nesèsè. Epi wè apre . . . si Seyè Jezi a tade, apre nou pati ale, yo va gen . . . timoun nou yo oblije gen yon kote pou al legliz. E nou vle “konbat sensèman pou Lafwa ki te transmèt bay sen yo yon fwa pou tout.” Mwen kwè se yon bon bagay.

2 E pandan m te jis ap antre, sa fè yon ti moman, pou ajoute sou bann temwayaj ki te deja bay konsènan gerizon yo, nan kèk dènye reyinyon, nan tabènak isit la. Yo jis ap anpile san rete, gerizon, gwo mirak gerizon.

3 M te kite madanm mwen deyò, jis talè a, ak timoun yo devan pòt la—la; e te gen yon sè, ki chita la a kounye a, ki te jis tèlman kontan jouk li t ap kriye, te gen yon gwo mirak ki te fèt sou pitit pitit li, byen lwen, m panse, nan Chattanooga. Madam. Nash, isi a, pitit pitit ou a te aflije ak yon maladi, epi nan dènye reyinyon isi a, Seyè Jezi a, m kwè, te siyale l, pou di, “ENSI DI SEYÈ A, ke, sa ap disparèt. E li pral geri.” E ti bonòm lan pafètman nòm al e byen, jis osi byen ke posib.

E sa—sa bay eksitasyon, pou tande temwayaj sa yo.

4 Epi yon jènòm, ki la a tou, te mande priyè pou Madam Stotts, ki fèk sibi yon operasyon. E nan enterè yo; ou wè, si pèsonn pa vle nou priye pou yo, enben. . . sa montre, osi lontan ke w ap eseye, moun yo vle w priye pou yo, alò yomenn, gen enterè, ou wè. Pafwa sa vin tèlman terib, jiskaske . . . pa terib, men tèlman anpil, ke ou jis oblije chape kèk kote pou kenbe tèt ou byen lwen, epi ret kache pou yon ti tan, pou viv. Men, mwen—mwen kontan ke yo fè sa. Piga janm panse ke m pa renmen wè yo, paske si yo . . . si pa gen pèsonn ki ta vle m priye pou yo, ki kote ministè m t ap ye? Ou wè? Ou wè?

5 Men pafwa lè w di, “Frè Branham, m pa konprann lè moun ap rele w konsa, epi—epi w ap mawon yon kote.” M oblije fè sa pou m ka viv, pou priye pou moun yo. Nou jis pa . . . Se pa—se pa jis yon sèl plas, isi a. Se tout kote nan mond lan. Nou wè? E—e sa vrèman difisil. E m sèten ke nou konprann sa.

6 O, li tèlman bon pou vin Kretyen! M jis pa konn kisa m t ap fè si se pa t pou Kris, e kidonk . . . pou annafè ak Kretyen, ki se, yon pèp ki gen menm Fwa presye a, ki kwè nan Bondye epi ki fè L konfyans; e ki kwè ke yon jou gloriye nou va fini ak tout batay sa, e n ap gen viktwa a, epi n ap kanpe nan resanblans Li, lòt kote a.

7 Epi la m ta jis renmen fè yon anons tou kout, ke, avèk tabènak la k ap konstwi, e latriye, Mwen . . . n ap fè yon renouvèlman fondasyon nou an, espesyalman responsablite pa m pou kanpay yo. Ale nèt atravè reyinyon yo, depi m te kòmanse, sou zafè evanjelizasyon, sa fè plizyè lane, olye pou kreye yon fondasyon, pou gen yon lòt gwoup moun, m te jis itilize gwoup ke m te abitye avè l; e apati de . . . e m te fè yon fondasyon, pou ke tout reyinyon m yo te kab fèt sou non Branham Tabènak la. E se sa nou itilize nan Union National Bank nan New Albany, kòm kote fon yo ka peye—peye atravè sa, pou sa pa t gen taks. Si m pa t fè sa, m ta pral peye taks sou tout lajan ke nou ranmase, si m pa t itilize Branham Tabènak la kòm yon fondasyon.

8 Anpil nan nou te tande m anonse sa, plizyè fwa. M oblije fè l, epi . . . pou m ka fè sa. E apres—apresa n ap mete an plas yon nouvo fondasyon kounye a. E nou ta renmen ke otan kantite moun konnen ke mwen . . . Konbyen moun ki te janm tande m anonse ke, ke tout salè m, ke m ap travay pou Branham Tabènak la? Jis leve men nou, tout . . . Sèten, nou tout. Se tou.

9 E kidonk lè sèvis la fini, si nou vle, m gen yon ti atestasyon la a, pou nou ka, si nou ka siyen l lè n ap soti. Frè Roy Roberson va genyen l dèyè la a.

10 Paske, nou pral tabli yon lòt fondasyon, menm bagay la, sèlman . . . men yon lòt fondasyon, pou ke tout fon nou yo ak bagay sa yo, ki ramase nan reyinyon yo, pou yo pa takse, y ap . . . l ap plase, kòm dabitid, nan Union Nasyonal Bank la, pou l opere atravè tabènak la, olye pou gen yon—yon fon- . . . yon lòt fondasyon. Paske, sa se deja yon fondasyon, nan non Branham Tabènak la, nou wè. Alò nou gen yon Branham *isi a* epi yon Branham *la a*, epi konsa, ak diferant fondasyon sa pa mache twò byen.

11 Frè Roberson pral okipe l de sa, ak nou menm ki vle fè l, lè n ap soti. N ap apresye sa.

12 Kounye a, maten an, anvan nou antre nan sèvis la, m ta renmen di, si Seyè a vle, m ap eseye retounen ankò aswè a. M rayi pran toude reyinyon yo nan men Frè Neville, men li te tèlman mande m ak jantiyès pou m pale ankò aswè a. E si Seyè a vle, m vle pale aswè a sou yon sijè evanjelizasyon, ke tit la se: *Kiyès Sa A? Ou wè? Kiyès Sa A?*

13 Kidonk maten an, m vle . . . M t ap panse a—a preche maten an sou sijè Fèt Dè Mè. E m konnen ke apremidi a ak maten an te ranpli nèt ak pwogram Fèt Dè Mè. Kifè m te panse ke m t ap on jan konbine yon bagay, paske nou vle priye pou malad imedyatman apre sèvis sa fini, kòm dabitid.

14 Nou kwè ke Bondye se yon Gerisè, e Li geri malad ak aflije. E m konnen Li fè sa. E sa depase tout—tout dout, poutèt, paske gen twòp temwayaj ki akimile, ke nou konn sa.

15 Yè m t ap gade nan yon sak ke Frè Gene ak Leo te fèk pran, ak temwayaj ke yo te ramase. E se te yon gwo sak ranpli ak gerizon eksepsyonèl, mirak ke Seyè a te fè pou moun yo.

16 E m te panse, si sa te konsa, e si nou t ap konsidere tout sa ki te rive yo? M kwè, nan Pòto Riko ak Jamayik, pou kont yo, t ap gen dimil, oswa pi plis, temwayaj ekstraòdinè, gerizon ke Seyè a, Li te akonpli.

Kounye a anvan nou louvri Liv la, annou pale ak Otè a.

17 Seyè, nou tèlman rekonesan anvè Ou, ke se, lè nou koube tèt nou, n ap bege pou jwenn mo pou di; paske m pa kwè ke sa te bay a bouch imen pou eksprime santiman kè yon nonm oswa yon fanm, ti gason oswa tifi, ki te janm vin an kontak avèk Ou. Pou eksprime adorasyon nou, sou jan nou adore W, epi sa W reprezante pou nou. Sa separe nou de peche, e li separe nou de mond lan. E li bannou yon bagay ki Etènèl e ki beni. E nou paka jwenn mo ki sifizan.

18 Jan yon nonm nòb te di yon lè, sa fè kèk semèn, ke l te ka byen pale nèf lang diferan alèz, ap okipe pòs li kòm konseye byenneme Prezidan nou, Dwight Eisenhower. E menmsi l te ka pale nèf lang, alèz, li te di, lè l te resevwa Sentespri, li te eseye tou lè nèf, e pa t gen mo ke l te ka jwenn, anyen ke l te ka eksprime, kifè Ou te ba li yon nouvo lang pou eksprime l epi pou remèsye W avè l. E nou santi nou konsa, tou, Seyè, kote, lè vi a fini, ke petèt nou tout ansanm va pale yon lang diferan, konsa n ap ka eksprime sa nou panse de Ou.

19 Kounye a n ap mande, Seyè, ke Ou beni tabènak sa a, pastè li, administratè yo, dyak yo, tout asosye li yo, moun ki vin isit la, k ap antre soti nan pòt sa yo. Ke nou ka toujou jwenn li konsakre, yon refij pou repo, kote sila ki fatige a ka antre, nan papòt li pou jwenn repo ak lapè pou nanm li, epi pou malad la ka antre nan pòt la, pou soti geri, poutèt Prezans toujou vivan Bondye Toupwisan an Ki abite anba twati li.

20 Nou mande, Seyè, ke nan pwogram k ap vini an . . . k ap fòme kounye a, ke W ap rankontre konsey la epi tout moun. E si sa fè W plezi pèmèt gen yon komemorasyon kontinyèl priyè ki te fèt nan vye etan sa a, ak chan raje sa a, yon jou; ki kounye a vin yon fa k ap klere, yon refij repo pou moun ki fatige, poutèt repons priyè sa.

21 Kounye a padone nou pou tout bagay nou te fè, oswa di, oswa panse, ki te kontrè a gwo volonte W; epi sonje, Seyè, sa pa t soti nan kè nou. Nou te ka sèlman eksprime l nan aksyon oswa nan bouch nou. Men, byen vit, Ou te tandè nou. Lè nou te wè nou te an tò, nou te dispoze pou konfese sa. E nou pa vle kenbe inikite, nan kè nou, paske nou konnen ke Bondye p ap reponn priyè nou; men nou toujou ap konfese erè nou.

22 E n ap mande, Seyè, ke Ou beni, maten an, toupatou nan nasyon an, pandan n ap selebre jou souvni Fèt Dè Mè sa a. Men ke sa pa jis yon—yon jou fèt dè mè; men ke chak jou ka konsa.

23 Bondye, akòde maten an, ke manman, fanm, ki te elwaye yo de Bondye, ke yo retounen a yomenm, maten an, e yo va rekonèt sa mo *manman* an vle di, “youn ki bay lavi.” Ke manzè reyalize ke timoun li yo, apati de inyon li ak mari l, se te ti bijou sakre ke Bondye te mete sou responsabilite li. Alò, Bondye va rann li responsab pou edikasyon timoun sa yo. E jan Lekriti a di, ke, “Bon fanm lan, ak manman an, kimoun li ye, pitit li yo va di li beni.”

24 O Seyè, lè nou wè jounen jodi a, kote yo tèlman elwaye yo kite Lèzekriti, epi ap aji preske tankou bèt! Nou priye, Bondye, ke W ap bannou yon revèy a lansyèn mòd ki va rele yo tounen nan plas kote yo ta dwe ye.

25 Seyè, nou pa ta vle, nenpòt fason an, bliye di W mèsi pou vrè manman yo, paske nou konnen ke nou genyen ankò k ap viv jodi a; vrè, manman otantik. Bondye, beni yo. Yo se gwo trezò pou nou, e nou priye ke W ap kontinye rete avè yo, Seyè, e ke yo viv ak kè kontan pou yo wè fwi zantray yo ap sèvi Bondye.

26 E nou priye, Bondye, pou sa yo ki pote woz koulè blan maten an, oswa flè koulè blan, pou di ke manman yo pase lòtbò teren aktivite sa jodi a; se pou yo, Seyè Bondye, repoze anpè e ke zè yo swiv yo. Akòde l, Seyè.

27 Kounye a pran Pawòl Ou, Seyè, epi pale ak moun yo, epi rekonfòte yo, paske se pou sa nou rasanble isi a; pou santi Prezans Ou, tandè Pawòl Ou, epi pou nou beni; pou nou kite isit la ap vin pi bon gason ak fanm, pi bon ti gason ak tifi, ke nou te ye lè nou te antre. Nou mande sa nan Non Jezi, Pitit Bondye a. Amèn.

28 M renmen fè lekti Pawòl beni L la. Bon kounye a n ap pran, maten an, nan Liv Premye Korentyen, pou li yon pati nan chapit 15 la, n ap kòmanse ak vèsè 1 an.

Frè m yo, m vle fè nou chonje bòn nouvèl m te anonse nou an, bòn nouvèl nou te resewa a, se ladan l tou nou kanpe byen fèm;

Se li menm k ap delivre nou tou, depi nou kenbe l jan mwen te anonse l ban nou an, sof si nou te kwè pou gremesi.

Bagay mwen te montre nou se sa mwen menm mwen te resewa, kijan Kris te mouri pou peche nou yo dapre ekriti yo;

E ke li te antere, e ke li resisite twazyèm jou a dapre ekriti yo;

29 Nou ka di, “Frè Branham, sa se yon tèks pito inabityèl pou yon mesaj Fèt Dè Mè.” Ebyen, se vre. Men, nou konnen, Bondye inabityèl, e Li fè bagay yo nan yon fason inabityèl.

30 E m ap panse, panse sa, sou manman. E mwen gen youn maten an, ak gras Bondye, ki toujou isi a sou tè a avèk nou. E mwen gen rekonesans pou manman m. Men kòm nou dwe genyen, tou, yon sèvis gerizon, e ke m pa konn si m t ap tounen ankò aswè a, ebyen m te panse petèt ke nou te ka prezante yon diferan sòt de pòtrè.

31 Manman tèlman ekstraòdinè. Ou konnen, premye moun ki akeyi w, nan vi sa, se manman w. Pèsonn pa ka manyen w, paske ou te konsevwa, e li te pote w anba kè l. E se li ki premye moun ki konnen w, e premye moun ki, nan vi sa, ki—ki te kenbe w. Apresa, lè nou fèt, li se youn nan premye men ki touche w epi ki siye dlo ki sot nan je w. Li se premye moun ki karese w epi ki renmen w, epi ki chouchoute w, nan vi sa, se manman w. Kounye a, m panse ke pa gen ase lonè ke nou ta ka bay yon manman.

32 Manman se li k an premye avèk timoun lan, e li gen yon gwo responsablite pou sa timoun sa pral ye, sa ap baze sou jan manman an fè timoun sa kòmanse sou chemen ke l dwe pran an. Manman gen responsablite, ke Bondye bay, pou mete timoun sa sou bon wout la. E m panse se poutèt sa manman gen yon ti touch espesyal.

33 M konn yon ti gason nan vil sa. M kwè manman l prezan kounye a. Misye prèske laj mwen. Men m pa di sa pou blese manman an; paske li ase soufri, tankou tout manman. Men ti gason an bwè, e li bwè anpil. E lè l vrèman sou, li rantre lakay li epi li sote nan kabann lan ak manman l pou l pase men lan kou l. E li gen pitit pitit. Men gen yon bagay konsènan jis karès yon manman, ki sanble pran yon—yon fòm diferan ke nenpòt lòt bagay te ka touche; m vle di, nan vi sa, sou plan imen.

34 Ou konnen, yon nonm tankou Moyiz, li . . . Si m ta gen pou bay kwakseswa a karaktè li, se paske li te gen yon manman Bondye te voye. Nou konnen se manzè ki te priye, Jokebèd, e ki te anvi gen bebe sa. E lè l te fèt, se li ki te konn chouchoute l, epi ki te karese l epi bati lach la epi ki te mete l nan ti touf bwa a, alòske ti kè l t ap fann. Sèl ti bebe li a, e se te ti chouchou ki te—pi eksepsyonèl nan mond lan. E ala renmen manman renmen nenpòt ti bebe a! Men pou ap gade ti zanmi espesyal sa a!

35 E apres, nan kè l, li te konnen ke li te fèt pou yon bi, epi apres pou pran l epi mete l nan teritwa kwokodil yo menm, nan rivyè a. Pa lafwa li te fè sa, konsyan ke Bondye te ka pran swen l; epitou pou rezime lanmou yon manman, ak aksyon karaktè fwa li. Paske lafwa pa fonde tèt li sou sab mouvan de sa l ka wè; lafwa repoze seryezman sou wòch solid Pawòl Etènèl Bondye a. “Paske pa lafwa,” Ekriti a di, “li te fè sa.”

³⁶ E lafwa ka pran pozisyon l sou woche a, ke vag ap frape fondasyon l yo, pou gade lanmò drèt anfas epi konnen ke sa ap vini jis nan yon ti tan, men lafwa ka gade lòtbò lanmè nan direksyon Limenm ki te di, “Mwen se rezirèksyon e Lavi,” epi pa menm tande vag yo k ap frape.

³⁷ Sa se jan de fwa ke manman Moyiz te genyen. Li te anseye l epi li te elve l nan palè Farawon, ap anseye l ke li te ne pou yon bi, ke Jewova te reponn priyè pa l. E, manzè. . . li pa t ap ka gen yon pi bon metrès lekòl. Se sa ki te ede fòmè karaktè ke Moyiz te ye a.

³⁸ M kwè se te Abraham Lincoln ki yon fwa te fè yon deklarasyon tankou sa a. . .

³⁹ Bon, mwen pa ni Demokrat ni Repibliken, m jis. . . M se yon Kreyen. Paske, mpanse ke yon pati pa ka di anyen kont lòt pati a; se kòripsyon total. Men, Abraham Lincoln, dapre sa mpanse, se te youn nan. . . se te youn nan pi gran Prezidan ke Etazini te janm genyen; lè w enkli Washington, e latriye.

⁴⁰ Paske, Abraham Lincoln te gen yon—yon move kòmansman. Li te pòv. Li pa t gen okenn eksperyans, pou sa ki konsène edikasyon, oswa—oswa kèk gwo bagay, oswa lajan, oswa yon bagay ki te ka ede l, menm jan ak Washington. Washington te gradye nan kolèj, e li—li te konsyan ke; li te yon nonm entèlijan, yon gwo zafè, pou kòmansè. Men Lincoln te elve nan yon ti kay an bwa tou won, anba nan gwo espas Kentucky yo, ak ankenn planche nan vyep ti kay la, ki tabli kòm yon souvni la nan Louisville kounye a. Men, kòm li te yon grantòm, e ke li te oblije aprann ekri, sou tè kote li te konn raboure, pou plante mayi.

⁴¹ Men m ta ka transmèt sa a bay jèn yo. Èske nou konnen ke Abraham Lincoln pa t janm posede yon liv nan vi l, jiskaske li te gen vente ennan, ke Bib la ak liv Foxe sou matirize yo? Ou wè, liv ou li fòmè karaktè w. Se pa etonan ke nou gen yon bann moun fou jodi a; vye magazin imajinè, vilgè, ensanse, ke yo mete sou etajè pou jounal nou yo. Li te posede Bib la ak liv Foxe sou matirize yo. Gade kisa sa rapòte l!

⁴² Men devan tout bagay sa yo, on jou li te fè yon deklarasyon tankou sa a. Li te di: “Si w ka jwenn yon bon bagay nan mwen, se gras a yon manman ki kwè tout bon,” ki te elve l pou sèvi Seyè a.

⁴³ Ou wè, yon timoun koute manman l; on ti touch manman sa, ke yon timoun ap koute. Lè l gen lapèn, li pral kot manman an pou jwenn konsolasyon anvan l al kot papa a. Paske, se manzè ki te avè l an premye, ou konnen. E gen de don Bondye bay yon manman, pou li ka fason sa; M vle di yon vrè manman. Bon, mwen kwè ke manman yo onorab epi gen krentif.

⁴⁴ Men m kwè, yon tèl evènman tankou Fèt Dè Mè, menm jan ak sa a, se yon rakèt, pou ap fè anpil lajan ak flè ak bagay konsa. Men fèt dè mè ta dwe chak jou. Pa pou voye yon pakèt flè ba li Jou

Fèt dè Mè, men renmen l epi pran swen l twasan swasant senk jou ak nwit, pandan tout ane a. Men, natirèlman, mond komèsyal la gen yon gwo kontwòl sou bagay tankou sa, e li—li—li devalorize manman an.

“O, ebyen, dènye Fèt dè Mè a m te voye yon pakèt flè ba li.”

45 Li t ap apresye, ankò plis, pou jis chita epi pale avè l jis yon ti noman, ekri l yon mo, ba l ti tap sou zepòl, bo l nan figi, di l ou renmen l. Sa prale pi lwen pase tout flè ke nou te ka achte nan men machann flè. Se vre.

46 M kwè se te nan Di Kòmandman, defen Cecil DeMille, te ekri epi mete sou ekran an youn nan chedèv mond sinema a. E anvan yo te mete l sou ekran, ou pito yo te kite l soti, Cecil DeMille te rele Oral Roberts ak Demos Shakarian, ak yon pakèt minis Levanjil Konplè a, e li te mennen yo nan pwòp estidyo pa l pou te montre yo katrèdtan Di Kòmandman yo, epi li te mande yo opinyon yo sou sa. Bondye bay nanm vanyan li repo!

47 E lè m te wè l, lè m t ap gade l, yon ti remak te toujou rete nan lespri m. Si anpil nan nou te wè l, se lè pitit fi Farawon an . . . apre Moyiz te dekouvri ke li te yon—yon Ebre, e li te deside al rete ak pèp li a. Men manman l ki te bèl lontan chita la a, defrechi, avèk cheve gri l yo epi rid nan figi l, chita nan yon vye fotèy; yon vrè manman. Epi pitit fi Farawon an te antre. E misye te mande, “Pitit kimoun mwen ye, finalman?”

48 E lè sa te vin klè, ke Jokebèd se te vrè manman l. Pitit fi Farawon an, ak makiyaj li ak bagay konsa, ak tout aranjan li; te di, “Men, gade! Li ka pitit gason w, men,” manzè te di, “M ap ba l richès ak bèl glwa. Ou pa t ka ba l anyen ke twou labou.”

49 Men manman ki aje ak tèt gri a te reponn: “Men mwen ba l lavi.” Sa fè diferans lan. “M te ba l lavi.” Bondye te ba l Lavi Etènèl. Ala sa vre, yon manman!

50 Pafwa moun di m, sitou toujou nan kanpay mwen yo, mwen “toujou ap preche sou rezirèksyon.” E mwen li yon tèks maten an, chapit 15 epi vèsè 4 nan Premye Korentyen, sou rezirèksyon an.

51 Men, nou wè, fason yo reprezante manman an jodi a, se yon po flè ki poze bò kot yon vye dam, ki granmoun epi ki paka leve kanpe, petèt, fèb, ak cheve blan, ak rid, epi ki chita nan yon fotèy. Sa sifizaman vre. Men m vle pran sijè pa m nan pou dekri yon lòt tablo de sa manman ye.

52 Yon moun te di, “Ou preche twòp sou rezirèksyon. Prèske tout Mesaj gen yon bagay konsènan rezirèksyon.”

53 Enben, se sèten. Se—se plas prensipal repo Levanjil la. Kèlkeswa sa L te fè a, si L pa t resisite soti nan lanmò, alò tout sa te pou grenmesi. Sa pwouve, pou mwen, ke Li te Bondye. Sa pwouve tout deklarasyon L te fè; rezirèksyon an! Epitou se plas

repo pou nanm lan. Se pwen depa a. Se kouwònman konsolasyon nou.

⁵⁴ E lè nou wè ke L te resisite soti nan lanmò, sa mete nou, ak zam Levanjil lan, nan tèt batay la, pou pran pozisyon, pou konbat. Paske, nou konnen L te di, “Sila ki va pèdi vi l poutèt Mwen va jwenn li ankò.”

⁵⁵ E mwen kwè ke se gwo kouwònman Levanjil Konplè a, rezirèksyon an, ak pwomès Divin li yo, epi konsolasyon ke sa bay a sa yo ki gen konfyans nan sa. Paske, li pwomèt gwo inyon pou ini nou ansanm ankò. Li pwomèt, ak—ak disparisyon tout peche. Li pwomèt disparisyon tout defòmasyon, tout soufrans ke nou te andire nan sa, ke nou te dwe sibi, nan vi sa. Li pwomèt, disparisyon tout bagay nèt. Li pwomèt ke menm lanmò ap pèdi fòs li, epi nou va resisite nan resanblans Jezi. Kifè, dapre opinyon mwen, rezirèksyon an se pi gwo pami tout pwomès yo nan bagay ki nan Lekriti. Men kote li te sele l.

⁵⁶ E nan dènye Pak la, kote m t ap preche sou senk bagay sa yo:

Nan vivan l, Li te renmen m; nan lanmò l, Li te sove m;
 Nan antèman l, Li te pote peche m yo byen lwen;
 Men, nan rezirèksyon l, Li te jistifye m gratis pou tout tan.

⁵⁷ Sa se gran Jou a pou mwen, pi gwo Jou pami jou yo! E pou wè kisa sa ap vle di, pou nou tout, nan rezirèksyon an, pandan n ap travay epi n ap tann Jou beni pami jou sa yo!

⁵⁸ Sa ban nou pwomès ke yon jou manman granmoun, afebli, byen fèb, tèt blanch, manman dekonstonbre sa yo pral chanje. Non sèlman manman ki chita la, poukont li, men tout fanmi l avè l.

⁵⁹ E ala yon jou sa va ye! Ala yon tan sa va ye, lè n ap gade figi sa yo ke nou te tèlman renmen! Ala yon diferans nan maten sa, lè nou va wè byenneme nou yo, epi—epi pou ap gade sa y ap ye lè sa! Tout afliksyon yo va disparèt. Tout tras soufrans va disparèt. Pap gen machwè desann poutèt lanmò ankò. Pap gen dlo nan je ankò. Rezirèksyon an pwomèt tou sa. Pap gen antèman ankò. Nou pap bezwen karese machwè tibebe ankò, ki tankou yon wòch frèt; kote ponp finèb te anbomen, gonfle epi makiye, e latriye, pou l parèt natirèl. Sa p ap janm nesèsè ankò, la.

⁶⁰ Alò m ap panse a lè nou pral wè yo kanpe laba, byenneme nou yo, manman nou, fanmi nou, tout zanmi nou yo; e pou wè yo nan kò imòtèl yo, kò selès yo; ap obsève karakteristik yo, pou ap gade jan y ap konpòte tèt yo ak dousè epi trankilite sa, pa gen nèvozite oswa fristrasyon ankò. Pou ap gade yo la kanpe nan resanblans Seyè Jezi a, sa va yon jou mèveye.

61 E nou chak, nan lespri nou, n ap antisipe epi n ap tann tout bon lè konsolasyon sa, lè nou va rankontre yo. Chak moun ap panse a byenneme pa yo, petèt manman yo ki te ale. E ala yon jou sa va ye, lè nou va wè l ankò! E pou papa nou, ak frè nou, epi pou . . . tout byenneme yo, ala yon jou sa va ye!

62 M ap panse, tou, kounye a menm. M ap panse a fanmi pa m, kisa sa ap reprezante pou mwen Jou sa.

63 M ap imajine ke, nan maten rezirèksyon sa, petèt premye ki va vin rankontre m se va ti Sharon mwen an. Non, li p ap vini ap tranble. Demon sa pa ka antre nan plas sa. Pa gen menenjit ki ka janm atenn Peyi sa. Li p ap gen pou di m orevwa. Ti je ble sa yo, pral danse pandan l ap voye men l anlè pou ap rele, “Papa!” M ap kontan wè l, pou m konnen li p ap janm mouri ankò; pou m konnen ke tout bagay nèt fini, men poukisa m ap preche rezirèksyon tèlman fò.

64 Apresa m pral wè manman l, manman Billy, pitit gason m lan. E m gen anpil souvni drèt la ki rete grave. Mwen sonje lè m t ap pran l; oswa Mesye Combs, anwo la, t ap mennen l pou dènye vwayaj li, e m t ap swiv li, nan yon machin. Pandan nou t ap desann nan Setyèm Ri, jis la; Billy, te gen dizwit mwa.

65 Jan yo te mennen l soti nan lari a, pou manzè te ka wè l. Epi li te kouche epi t ap kriye, epi t ap gade ti bebe l la, men li pa t ka pwoche bò kote l.

66 E lè sa sou wout la ap desann, ponp finèb la te vini epi l te desann nan—nan—nan Setyèm Ri a. Manman la t ap okipe l de li lè sa. Epi li te kanpe deyò a nan lakou a, ak yon ti pantalon kout, epi yon ti kaskèt wouj vire sou kote sou tèt li. E lè manman sa, lonje sou sivyè sa, dèyè anbilans sa, t ap gade m, lè li te wè ti bebe l la kanpe nan lakou a, konsyan li t ap fè dènye vwayaj li, li te redrese l sou sivyè a epi li te rele, epi li te lonje men lamèg zo l yo, kòm pou anbrase ti bebe l la nan lakou a. Men li pa t ka kenbe l.

67 O, sa va yon jwa pou m wè l jou sa. Non, li p ap gen men lamèg zo, machwè l yo p ap anfonse non plis. Men l ap kanpe nan bote selès yon rèn nan Syèl la, e yon manman. Je nwa l yo, nwa tankou zèl kòbo, pral danse ak jwa. Li p ap tou koube; kote, demon TB sa p ap janm ka antre nan Peyi sa. Men, imòtèl, li va kanpe nan resanblans Li.

68 M sipoze, lè sa, pwochen k ap vin rankontre m se va Edward, ke nou te rele “Humpty,” kòm ti non. Li te premye nan gwo chèn ak nèf mayon an, chèn fanmi Branham lan. Li te premye mayon ki te tonbe; sila ki vin apre m nan. M ap wè Edward k ap kouri vin jwenn mwen. Poutan, li te mouri pandan l te yon ti gason, diznèvan. E lè m va pran men l, mwen sèten n ap gen anpil bagay pou pale, sou anfans nou, paske nou te bon zanmi. Nou te trè pwòch ansanm. Li te kite m mete rad li, ak—ak—ak lòt bagay, tankou vrè frè konn fè. Sa ap yon plezi pou m wè l ankò.

69 E m va tande l ap di yon bagay konsa, “Èske w te resevwa mesaj mwen an, Bill? Ou t ap travay nan yon ranch pou betay, nan moman m te kite tè a. Men nan lopital la, m te voye yon mesaj, ‘Di Bill ke tout bagay kòrèk.’”

M ap kontan pou di, “Wi, m te resevwa mesaj ou a, laba nan savann lan.”

70 Apresa, m sipoze, pwochen k ap vini se papa m. Li te mayon apre a ki te pati, e . . . Non.

71 M panse ke se Charles ki pwochen mayon an, yon pi jèn frè. Li te fè yon aksidan otomobil lè l te jis yon ti gason. Li te toujou ap trennen janm dwat li, lè l ap mache. Men, nou konnen, lè m va wè l, li p ap trennen janm sa. Tout bagay sa a va disparèt, l ap kanpe nan tout bote jenès la.

72 Epi li va di m, yon bagay konsa, pandan l ap souri. Li va di, “Wi, Bill, pa gen okenn aksidan anwo la. E m sonje nwit anvan m te mouri nan aksidan otomobil la, ou te pale avè m, debou sou ti galri ti kay enb nou an,” ke m ap gade tèt li, kounye a menm. “Ou te pale avè m de Seyè a, jis kèlke zè anvan m te pati. E ou te sou chè a ap preche lè m te pati.”

73 Apresa papa ap vini. O, m ka wè l. Menm si li te ban m anpil gwo kal, se egzakteman sa m te bezwen, men m ap wè cheve nwa frize sa, k ap briye plis ke jamè, jou sa. Epi li va gade m, pou di, “Pitit gason m, ou konnen, Papa p ap janm leve kite tab la isi a, ankò, tou grangou, pou pèmèt timoun li yo manje, paske bò isi a nou gen anpil. Isi a nou pa manke anyen.”

74 Pou wè l lè l t ap travay, pou senkant oswa swasannkenz kòb pa jou, epi apres a leve kite tab la pou timoun yo te ka manje, retounen al travay ankò. E li te konn travay tèlman di ke chemiz li te boule anba solèy nan do l, epi manman te konn oblije dekoupe l avèk sizo.

75 M ap tande l ap di yon bagay konsa, “Bill, ou sonje jou swa sa a oumenm ak Frè George te vin priye pou mwen lè m ta prale? Ou konnen, m te di manman ke te gen de Zanj an blan ki te kanpe bò kabann lan, epi yon zanj an wouj nan pye kabann lan. E zanj an wouj la t ap eseye pran m, men Zanj an blan an te kanpe nan mitan. Yo finalman te mennen m Lakay.”

76 Apresa, tou, pwochen nan liy lan ki ale, oswa ki te ale, Howard ap vini. M ap wè Howard; kòm nou te bon zanmi e nou konn travèse tout peyi a ansanm, toupatou; li te resevwa apèl pou vin yon minis; gwo pèsonalite, men asosye l yo te retni li. Dènye pale m te fè avè l, li te di, “Lè m pati, Bill . . .”

77 Mwen—mwen te wè l ki ta prale, nan yon vizyon, apeprè katran anvan l te ale. M te di l ke m te wè Papa m ki make tonm li epi ki di ke se te pwochen an.

78 Epi li te di, “Gen yon sèl bagay mwen vle w fè pou mwen.” Li di: “M gache vi mwen. M te marye e tout bagay konsa. Mwen—mwen pa konn sa k te pase.”

Mwen te di, “Èske w kwè Li, Howard?”

79 Li te reponn, “Avèk tout sa ki nan mwen, mwen kwè Li.” Apeprè de ou twa jou anvan l pati, li te fè lapè ak Bondye, nan prezans Frè Neville ak lòt yo ki te la. E li te di, “Gen yon bagay m vle w fè. Lè m ale, Bill, fè yo chante pou mwen, ‘*Li pral Konprann, Epi L ap Di, “Se byen.”*”

80 Mwen kwè, anvan m bay Howard lanmen, m ap tande l ap rete gade m, pou l ap di, “Bill, Li konprann.”

81 Apresa, Frè Seward ap vini, Frè Frank Broy, Frè George DeArk. O, rezirèksyon an vle di anpil pou mwen. Mwen wè davans gwo moman kouwònman sa. Epi pandan Limyè a kòmanse gaye, “N ap konnen jan yo konnen nou an.” N ap konprann, e—e n ap sonje zanmi nou yo ak sila yo—yo ki te la.

82 E—e anpil, va gen anpil la ke nou pa t menm panse ki t ap la. Paske, nou konnen, se nan moman sa, mwen kwè ke “moso pen nou te jete sou dlo twoub lavi moun, pral retounen vin jwenn nou Jou sa.” Lè n a wè efè temwayaj nou, sou moun ke nou pa t konprann aksyon yo anvè Sa, yo va pwobableman la. Ala yon Jou sa va ye!

83 E lè sa, tou, semans nou te simen yo, san menm nou pa t panse a sa yo ta pral fè, men men yo. Yo te pote fwi presye, e nou va wè yo Jou sa, byenneme ak fanmi ki te gen difikilte.

84 E m ap panse a dè milye ke m te wè ki te konvèti, wi, gen dè milyon kounye a, k ap kontinye, ak sa ministè pa yo te ye. O, sa va pran plis ke yon rezirèksyon. Sa va pran yon Etènite, pou fè tou a, ap bay lanmen epi dekouvri bagay ke m pa konnen kounye a.

85 Va gen manman aje tèt blanch sa yo, ke n ap pote flè blanch sa yo pou yo jodi a, ki va wè w, e yo va bèl. Yo p ap reprezante pa yon po flè, oswa kèk foto yon granmoun tèt blanch; men yo va nan resanblans ak bote rezirèksyon an, yo va kanpe nan resanblans Kris la, nan kò selès yo, jèn epi bèl pou tout tan. Sèten, se repo a sa. Sa se Fèt dè mè m ap tann lan. Sa se kouwònman an. Pa yon flè kanasyon sou pwatrin, men kouwònman nanm lan, paske Bondye te chanje l!

86 M ap panse a pwòp manman pa m, ki aje epi ki fèb, epi k ap tranble ak kranp. Sa p ap rive l Jou sa. Sa ap diferan lè sa. E gran Limyè sa ap kòmanse gaye, pandan n ap kòmanse gade toutotou, e gwo sèk la pral vin pi gran e pi gran e pi gran. Tout sa jis reflekte jan pou apwoche Jezi. “E apre yon ti tan,” jan kantik la di a, “epi anfen m va wè Jezi.”

L va ap tann mwen, Jezi, tèlman emab epi fidèl.
Sou bèl Twòn Li an Li va akeyi m Lakay

Aprè jou sa a fini.

⁸⁷ Alò lè n ap wè L, nou p ap jan nou ye kounye a. N ap—n ap konn kijan pou renmen L plis. Nou p ap rete dèyè ak yon ti laperèz; paske, n ap tankou L. Ebyen, L ap yon moun pwòch nou plis pase sa L ye kounye a. N ap konprann Li pi byen. Paske, nou tèmman elwaye, nan kò mòtèl sa yo; la a n ap gen yon kò tankou kò gloriye Li a. N ap konn kijan pou n adore L. E lè nou va wè sa Prezans Èt Li te fè pou nou, sa te chanje nou, granmoun yo va retounen jèn, tout sa k defòm ap redrese, o, nou va konprann alò poukisa pouvwa Li te geri nou.

⁸⁸ Kesyon yo ki nan lespri nou, “Kijan L ap ka fè sa? Kisa sa pral?” Nenpòt fason an, misteryezman, yo tout va disparèt. Bann ne ki te mare nan fon lespri nou yo tankou, “Èske se pral sa? Kouman sa ka fèt?” Yon fason, ou yon lòt, sipèb dwèt yo pral jis demele sa, pral demele bann ne sa yo, e tout pral fonn nan yon sèl gwo kouwòn lanmou.

⁸⁹ Lè sa n ap wè L. Lè sa n ap tankou L. Lè sa n ap adore L. Lè sa n ap wè manman nou jan Bondye vle l la.

Manman nou pa t ap konplè La san fanmi li.

⁹⁰ Paske, pi gran moman nan tout vi l se pou l wè timoun yo bò tab la, epi yo tout an sante ak kè kontan; epi—epi—epi pou wè l k ap vide kafe a, oswa kèlkeswa sa l prepare a, pou l ap pare soupe a, epi li ak papa ki chita. Enben, se moman ki pi rejwisan nan vi manman, pou l wè tout timoun yo nan kay la.

⁹¹ Kounye a, pa rate, pa manke Jou sa. Kite gwo chèn fanmi nou konekte ansanm, mayon ak mayon. Se pou chak reyon yo rete nan wou a. Alò lè n va chita ak fanmi nou ak gwoup pa nou, anba plafon Letènite, ala yon Jou sa va ye! Lè sa nou va konprann.

⁹² Se Li ki te pwomèt sa, nan Apokalips 1, kote Sa di, ke, “Yon epe byen file de bò t ap soti nan bouch Li.” “Li te rele Pawòl Bondye a.” E se te nan menm bouch sa, sa te di: “Mwen se Sila ki vivan, ki te mouri; e Mwen vivan pou tout tan.” Apati de menm bouch sa, nan Jan 6, trant- . . . sa di, ke, “M pa p pèdi okenn, men M ap resisite l nan dènye jou yo.” Li menm te fè pwomès la; ak menm bouch presye sa yo. Li se Sila Ki sove nou an, Ki geri nou, Ki rachte nou, e Ki va resisite nou nan dènye jou a.

⁹³ Si w se ti mayon fèb sa ki separe gwo reyinyon fanmi sa Jou sa, se pou Bondye nan Syèl la, maten an, nenpòt jan an nan yon fason misterye, defèt bann ti ne sa yo ki mare nan lespri w, pou revele w lanmou Li genyen pou ou, epi ke w vini an dousè pou sèvi L.

Pandan n ap panse a bagay sa yo, annou priye.

⁹⁴ Jis anvan nou priye, e ke nou koube tèt nou, m pral mande nou. Èske nou ta renmen, jou Fèt dè Mè sa, rekonsakre vi nou ankò ba Li, pandan n ap tann rezirèksyon sa? Èske nou vle leve men nou ba Li? Pandan ke tout moun . . . Bondye beni nou.

⁹⁵ Èske gen yon pechè ki prezan kounye a, ki ta di: “O Bondye, m poko ratache a lyen sa ankò. Mwen se sila a k ap manke la lè mannan pral chache toupatoou nan Laglwa. M p ap la, paske m poko janm fè lapè ak Bondye. M pa gen esperans Lavi Ètènèl la nan mwen. Men jodi a mwen—mwen vle fè sa?” Èske nou ta vle leve men nou, pou di, “Priye pou mwen, Frè Branham, nan moman sa. M vle nou sonje m nan lapriyè, paske m gen byenneme yo lòtbò lanmè, lanmè Lavi, e m vle rankontre yo?” Leve men nou.

⁹⁶ Oubyen yon moun ki retwograde, e ki ta vle retounen jodi a, pou di, “Seyè, m ap rekonsakre tèt mwen ankò pou Ou; m vin pou renouvle kontra m avèk Ou,” èske nou vle leve men nou?

⁹⁷ Papa nou ki nan Syèl la, jan sa ap desinen la, jou sa ap pwoche pi pre gran evènman sa. E nou jis oblije, chak ane, wè reprezantasyon sa a.

⁹⁸ Menm jan moun yo te konn al Jerizalèm Jou Pannkot la, pou pirifikasyon tabènak la ak sanktyè a, epi—epi pou ofri ofrann pou peche a, chak ane yo te raple yo, lè ayo sa te mouri laba a, ke ta pral gen yon tan kote Ayo Bondye a ta pral mouri, pou retire peche. Chak fwa ti kreyati sa t ap fè bè bè, epi san an t ap djayi sou men yo, sa te raple yo ke ta pral gen yon tan kote t ap gen Ayo Bondye a, ki ta pral kriye, “Eli, lama . . . ? Eli, lama . . . ?” sou kwa a.

M priye, Bondye, alò ke n ap gade jodi a pou wè ke . . .

⁹⁹ Sa fè kèk semèn, anvan m te pati nan sèvis Ou, al Kalifòni, peyi Indiana sa te blayi toutouni mouri, e pa t gen vi, an aparans. Flè yo te mouri otòn pase a. Fèy yo te tonbe soti kite pyebwa yo. Epi sèv nan pyebwa yo t al nan rasin yo, e tout bagay te mouri.

¹⁰⁰ Men te gen yon sezon kote solèy la te kòmanse klere yon jan diferan. Menm solèy la ki t ap briye pandan ivè a, men eleman yo te chanje e li te klere yon jan diferan. Epi avèk ekla solèy la, ak eleman yo, lavi te djayi, toupatoou. Fèy yo tounen vin nan pyebwa yo. Fèy la . . . Lavi te kite fèy la, e fèy la te tonbe, men lavi t al nan tè a; li te retounen vin bèl a nouvo, nan flè jenès li. Flè a ki te te degaje pafen lan—lan, ki te montre bote siblim li an epi ki te tonbe nan tè a; te ne, te pouse ankò nan tout jenès li, avèk yon nouvo pafen.


Kisa sa raple nou, Seyè, nan moman sa yo?

¹⁰¹ E mond lan te transfòme de yon dezè arid, pa atiran, a yon bèl paradi, ak abèy epi zwazo k ap chante, epi kè kontan tout kote, epi pyebwa k ap—k ap danse ak briz van cho prentan an. Chalè ak lajwa te retoumem sou tè a ankò, poutèt solèy la, s-o-l-è-y.

¹⁰² Men yon jou F-i-s lan va vini ak gerizon nan zèl Li yo, e ti vi sa yo ki te kache tankou sèv la nan pyebwa a, nan tè a, tankou lavi a—a ki nan semans flè a, li va fè l pran nesans ankò, pou pa janm fennen. O, ala nou remèsye W pou sa!

¹⁰³ E gen anpil, anpil men ki leve maten an, paske yo konnen ke pi lwen pase vwal sa la, gen yon bagay. Yo anvi wè manman. Yo anvi wè byenneme yo ak zanmi yo, pou dekouvri tout mistè sa yo, kijan yo te vin isi a, epi atravè tan an. Tou sa repoze dèyè vwal ki kache a. E yon jou W ap vini. Yo te leve men yo; yo—yo—yo—yo vle sèten, Seyè. Y ap renouvle tèt yo ankò, e mwen menm tou. Kounye a ede nou, Seyè. Renouvle fwa nou ak fòs nou.

¹⁰⁴ E alò ke nou santi Seyè a ap apwoche. Epi karantan ki sot pase yo, yon nouvo pannkot te eklate sou tè a. Lespri te kòmanse ap revele bagay yo. E la nou nan dènye siy lan, jis anvan Vini an. Nou konnen ke rapwochman Seyè a toupre. Epi nou wè malad yo ap geri de maladi yo, ki te yon mistè pou mond lan, depi de mil an, depi tan apot yo. Men la bagay yo ap parèt ankò, pwofèt k ap leve, Zanj k ap parèt, siy ak mèvèy. Kisa sa ye? Rezirèksyon an ap apwoche. F-i-s la ap vini.

¹⁰⁵ Annou pare nou, Seyè. Pèmèt nou atache a chak pwomès Diven; pa panse a bann ti ne sa yo ki te akimile pa lasyans, e latriye, ke sa pa ka rive. Ke yo kòmanse demele, maten an, gras a imòtèl . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . alò ke L ap vibre atravè Pawòl Bib Bondye a, tankou yon enstriman byen ajiste, pou jwe ritm lan, “Mwen se Sila ki te mouri, e ki vivan pou tout tan.” “Yon ti tan, e mond lan p ap wè M ankò; men nou menm n ap wè M.” “Paske M ap avèk nou, e menm lan nou, jouk nan fen mond lan.” “E nan dènye jou yo sa va rive, Bondye te di, ke M pral devèse Lespri M sou tout chè; ap gen siy ak mèvèy; moun aje yo va fè rèv, e jenn gason yo va gen vizyon,” siy lapli aryè sezon an epi tan lafen an. Ke nou resanti sa nan mitan nou, maten an, Seyè, e ke fwa nou ka an sekirite. Paske nou mande l lan Non Jezi. Amèn. 

59-0510M Fèt Dè Mè
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org